

BAB XII

PADIKA PANGAJARAN SASTRA SUNDA

1. Bubuka

Dina “dora” ieu panglawungan, hayu urang padamuka reregan kapanasaran nu salila ieu jadi lalangse hate atawa bangbaluh kana pikiran jeung rasa urang sabage guru. Lamun bisa diprediksi mah, meureun pasualan anu mumbul teh kawasna bae ngeunaan “ naon sababna sastra perlu di ajarkeun ka barudak sakola ti mimiti tahapan sakola dasar tepi ka paguron luhur”.

Atuh pijawabeunana oge hayu urang babarengan padamikiran, padangarasakeun bari nginget-ninget deui hakekat jeung fungsi sastra keur manusa.

Sacara hakiki sastra teh mibanda sipatfiksionalitas anu nandeskeun soal kaartistikanana. Disatungeun kafiksian jeung kaartistikanana, sastra teh ngandung ajen inajen kajujuran jeung kabeneran deuih. Ari nu dimaksud kajujuran dina sastra nya eta soal kadariaan mikir geusan ngaluarkeun hiji konsep. Sedeng nu dimaksud bebeneran di dieu, nya eta pencerminan atawa pembayangan kahirupan atawa peristiwa kahirupan nu aya, lain perkaratina hasil lamunan atawa hayalan wungkul. Saperti anu kungsi ditetelakeun ku Sumarjo (1979: 139), bebeneran dina karya sastra mah lain caritana, tapi aya hiji perkara anu dirojong ku eta carita. Bebeneran dina sastra lain bebeneran faktual, anu enya-nya pernah kajadian, tapi bebeneran lebah nyodorkeun watek, sikep hirup anu condong (mere kamungkinan) kana kajadianj anu bisa ditarima ku akal. Ajen universalna anu dibela teh, lain ukur caritana. Caritana mah bisa mangrewu-rewu rupa, tapi ajen bebeneranana tetep kudu laku keur sakumna manusa. Bebeneran anu jadi pangjugjugan teh, mya eta bebeneran anu ideal, lain anu keur disorang dina kahirupan kiwari, tapi bebeneran anu dipicangcam atawa bebeneran anu samistina kajadian. Bebeneran anu ngakar kana kanyataan jeung bebeneran anu sacara ideal dipiharep. Bebeneran anu kieu teh dina kritik sastra mah disebutna bebeneran hirup (*the truth of life*) (Semi, 1984: 33).

Ari numutkeun Reeves (1985: 16) mah nilik hakekat sastra teh sabage fakta kahirupan. Sastra dianggap sabage

kacamata hasil kebudayaan mangsa kaliwat anu ngawengku adat kabiasaan, kapercayaan, jeung ajen-inajen anu turun – tumurun dipake ku masarakat dina kurun waktu nu tangtu. Maksudna pikeun mapag jeung nyaluyukeun diri jeung sakabeh situasi anu tumuwuh, boh dina kahirupan individu boh dina kahirupan kelompok. Leuwih jero, Reeves nandeskeun yen lamun urang hayang wanoh kana kahirupan, urang kudu iwanoh sastra.

Di sagedeungeun ngandung hakekat, sastra teh mibanda fungsi deuih. Sastra mangupa salah sahiji bagian seni. Dina seni puisi, aya istilah dulce jeung utile (puisi teh endah tur aya mangpaatna). Hal ieu teh mangrupa hiji konsep fungsi sastra anu dipopoyankeun ku Horace.

Memang enya, sanajan loba anu ngawada, sastra teh mibanda fungsi ganda, boh keur nyaosan kasenangan boh keur ngudag kamangpaatanana. Kasugemaan dina harti “senang” anu kacangking tina sastra teu bisa dipapandekkeun jeung kasenangan fisik sejenna, lantaran mibanda ajen kasenangan anu leuwih punjul, nya eta kontemplasi anu henteu ngudag-ngudag kauntungan. Sedeng mangpaatna kadariaan, sipatna didaktis, nya eta kadariaan anu nyenangkeun, kadariaan estetis, jeung kadariaan persepsi.

Sedengkeun fungsi sastra nurutkeun Wellek & Warren (1989: 35) mah, nya eta pikeun ngabebaskeun nu maca jeung nu nulisna tina tekanan emosi. Emosi maranehna teh geus dipuseurkeun dina karya sastra, saterusna bedah dina pungkasan pangalaman estetis maranehna, nepi ka maranehna nyangking pikiran nu tingtrim.

Saestuna sastra teh mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni anu boga ciri mandiri ngandung kaartistikan, ngandung kaendahan, ngandung kajujuran ngandung kaorsinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu lemes, malahan nganteur kana tujuan pangjugjugan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana.

Ku sabab kitu, sastra teh perlu diwanohkeun jeung dimekarkeun ka masarakat, boh sacara formal bah sacara non formal.

II. Tujuan Pangajaran Sastra

Dina **Kurikulum Mulok Basa jeung Sastra Sunda 1994** katiten yen tujuan pangajaran sastra teh ngawengku (1) tujuan umum, (2) tujuan husus, jeung (3) tujuan kelas.

- (1) **Tujuan Umum** pangajaran sastra teh, nya eta
 - a. Siswa boga sikep anu positif kana basa jeung sastra Sunda.
 - b. Siswa mampu ngahontal kanimatan, bisa nyangkem jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun ngamekarkeun kaperibadian, ngajembarkeun wawasan, sarta ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun basa sunda.
- (2) **Tujuan husus** pangajaran sastra, nye eta sangkan siswa boga pangaweruh jeung kamampuh nyieunan rupa-rupa **wangun, eusi**, jeung **warna** karya sastra Sunda.
- (3) **Tujuan kelas** nya eta tujuan pangajaran sastra anu kudu dihontal ku unggal-unggal kelas. Upamana bae aya tujuan kelas anu unina kieu :
 - a. Siswa ngayakeun tanya jawab ngeunaan karya sastra.
 - b. Siswa mampu ngaregepkeun jeung ngaekspresikeun karya sastra buhun.
 - c. Siswa boga karesep ngaregepkeun jeung maca karya sastra (pantun) sarta nyatet jeung nyaritakeun deui eusina.
 - d. Siswa mampu ngadeklamasikeun puisi
(Tingali **Mulok Basa jeung Sastra Sunda 1994: 46**).

Sangkan leuwih tetela ngeunaan tujuan kelas anu kudu dihontal timimiti kelas I tepi ka kelas III, bisa ditengetan dina **GBPP Mulok Basa jeung Sastra Sunda 1994: 39 – 53**.

III. Bahan Pangajaran Sastra

3.1 Ambahan jeung Runtuyan Bahan Pangajaran Sastra

Dina Kurikulum Mulok jeung Basa Sastra Sunda 1994 dieceskeun ngeunaan **konsep kesastraan** anu ngadadarkeun ambahan jeung rupaning bahan pangajaran sastra anu kudu ditepikeun ka murid di SLTP.

Nilik **Wanguna**, karya sastra Sunda anu kudu diajarkeun teh ngawengku tilu rupa, nya eta (1) puisi, (2) prosa, jeung (3) carita drama.

Sedeng numutkeun **warnana**, karya sastra Sunda anu kudu diajarkeun teh ngawengku :

a. Karya Sastra Sunda Buhun:

- (1) Jangjawokan,
- (2) kakawihan,
- (3) pupujian,
- (4) sisindiran,
- (5) pupuh,
- (6) guguritaan,
- (7) wawacan,
- (8) carita pantun (mundinglaya, Ciung Wanara, Lutung Kasarung),
- (9) carita wayang,
- (10) dongeng (sasatoan, sasakala, badad, Si Kabayan, para Nabi/wali, pieunteungeun, pamuk).

b. Karya Sastra Sunda Modern :

- (1) carita pondok,
- (2) sajak,
- (3) novel,
- (4) carita drama.

Warna karya sastra anu ditataan diluhur teh kudu dirakrak dumasar kana unsur-unsurna anu ngawengku :

- (1) unsur tema, rasa, jeung amanat (keur wangun puisi)
- (2) Unsur tema, palaku, galur, latar, jeung amanat (keur wangun prosa)
- (3) Unsur tema, penokohan, latar, galur, amanat, dialog, prolog, jeung epilog (keur wangun carita drama).

Lian ti eta, karya sastra anu kudu diajarkeun teh kudu dumasar kana wandana (sifatna), nyaeta:

- (1) Romantisme,
- (2) Realisme,
- (3) Impresionisme, jeung
- (4) Ekspresionisme.

Runtuyan bahan pangajaran sastra keur sakola lanjutan sacara gembleng bisa titengetan tina Tabel konsep Kesastraan (**Mulok Basa jeung Sastra Sunda 1994: 96-97**).

3.2 Kriteria Milih jeung Nangtukeun Bahan

Dina milih jeung nangtukeun bahan pangajaran sastra teh kudu dumasar kana timbangan kabutuh siswa, sastra kudu bisa ngahudangkeun apresiasi siswa. Ku sabab kitu, dina milih jeung nangtukeun bahanna diusahakeun kudu deuheud jeung pangalaman sarta kanyaho parasiswa. Hal ieu teh luyu jeung pamarentah Kurikulum mulok Basa jeung Sastra Sunda 1994.

Aya sababaraha hal anu kudu diestokeun dina milih jeung nangtukeun bahan pangajaran sastra, diantaranya bae:

(1) Kudu mertimbangkeun segi basa

Bahan pangajaran sastra anu dipilih teh basana kudu luyu jeung tahapan kamampuh basa anu dikawasa ku siswa. Guru kudu nimbang-nimbang heula kosa kecap jeung tatabasana, situasi jeung eusi wacanana.

(2) Kudu mempertimbangkeun segi psikologi

Tahap kamekaran psikologi siswa gede pangaruhna kana daya inget, kahayang migawe pancen, kasayagian digawe babarengan, jueung kamungkinan dina maham situasi atawa ngungkulan pasualan nu disanghareupan.

Aya opat tahapan kamekaran jiwa murid anu kudu jadi bahan pertimbangan dina enggoning milih jeung nangtukeun bahan pangajaran disakola dasar jeung menengah teh, nya eta:

a. Tahap ngahayal (ti umur 8-9 taun)

Dina ieu tahapan budak can pati butuh ku hal-hal anu nyata, tapi masih keneh butuh ku hal-hal anu sipatna fantasi.

b. Tahap romantik (ti umur 10-12 taun)

Dina ieu tahapan budak teh geus mimiti ngejat dina dunya fantasina rek ngajugjug dunya realitas. Barudak geus mimiti kaacikan karesep kana carita kapahlawanan, ngalalana (petualang), malah resep kana carita kajahatan.

c. Tahap realistik (tina umur 13-16 taun)

Dina ieu tahapan sagemblengna barudak teh geus ngaleupaskeun diri tina dunya fantasina. Maranehna ngagedekeun karesepna kana realitas atawa peristiwa anu enya-nya kajadian. Kalawan daria maranehna nyaliksik fakta-fakta pikeun nyangkem pasualan-pasualan dina kahirupan anu nyata.

d. Tahap generalisasi (ti umur 16 - jeung saterusna)

Dina ieu tahapan barudak teh geus mimiti neangan konsep-konsep abstrak kucara nganalisis hiji penomena. Malahan sakapeung mah kawan rek ngajugjug kana pikiran filsafati pikeun nangtukeunputusan-putusan moral. Sanajan tangtu bae dina hiji kelas teh tahapan psikologis siswana teu sarua kabeh, tapi guru nyadiakeun materi pangajaran sastra anu bisa ngirut atawa ngahudang minat sabagean gede ka siswa ti eta kelas.

(3) Kudu mempertimbangkeun kasang tukang budaya

Biasana murid bakal babari kataji kukarya-karya sastra anu paheut patalina jeung kasang tukang kahirupanana. Utamana pisan mah lamun eta karya sastra teh ngaubkeun tokoh anu asalna ti lingkunganana. Ku sabab kitu, guru sastra dipiharep sangkan milih jeung nangtukeun bahan pangajaranana anu ngesto kana prinsip yen karya sastra anu kudu diajarkeun ka siswa teh karya sastra anu latar caritana dipikawanoh (*familiarity*) ku para siswa. Lian ti eta, guru sastra sawadina nyaho kana hal-hal anu dipikaresep ku parasiswa. Hal eta teh saeyana ngandung ajen positifna, lantaran:

- a. Ngembrehkeun ayana kasadaran yen saestuna karya sastra teh ngondang hiji perkara anu paheut patalina jeung kahirupan siswa.
- b. Samemeh para siswa wanoh kana budaya deungeun leuwih tiheula kudu wanoh kana budayana sorangan (rahmanto, 1988: 27: Sumardi, dkk, 1985: 20).

Hal-hal sejenna anu kudu diestokeun ku guru teh nya eta sangkan guru mere lolongkrang waktu kabarudak sangkan meunang pangalaman ngaregepkeun jeung maca karya sastra. Ku cara kitu, para siswa bakal boga pangalaman anu mandiri dina neuleuman jeung ngarasakeun endahna jeung minatna karya sastra. Hal ieu teh aya kamungkinan bisa ngahirupkeun rasa peka barudak kana eusi nu nyangkaruk dina hasil karya sastra. Dina **Kurikulum Mulok Basa jeung Sastra Sunda** aya pangajaran maca, ngaregepkeun, nyarita, jeung nulis anu terpadu kudu nyokot kana hiji tema. Hal eta teh bisa dimangpaatkeun pikeun ngahontal salah sahiji tujuan pangajaran apresiasi sastra. Geura mun ditengenat mah pangajaran sastra teh salawasna kudu

ngantet atawa dikantetkeun jeung kaparigelan basa. Ngantetna pangajaran sastra jeung kaparigelan basa teh lantaran luyu jeung tungtutan tujuan pangajaran sastra anu kudu dihontal nya eta supaya siswa boga rasa anu peka, meunang kanimatan tina hasil sastra, boga daya cipta, sarta sanggup ngagelarkeun pangalamanana dina wangun basa anu maraneh (Rusyana, 1974: 11).

Lian ti eta, aya deui prinsip-prinsip ngajarkeun sastra anu husus, nya eta prinsip-prinsip ngajarkeun apresiasi sastra.

Kagiatan diajar apresiasi sastra mangrupa bagian tina diajar nyangkem basa anu museur kana cara pikeun ngahontal kanimatan batin, kasugemaan rasa, jeung bisa maham kana sastra klasik jeung moderen. Sawatara prinsip anu kudu dipake timbangan dina ngajarkeun apresiasi sastra nya eta:

- (1) ngajarkeun apresiasi sastra kudu ditujukeun pikeun ngaronjatkeun kapekaan dina ngarespon pangalaman batin nu sejen anu nyangkaruk dina karya sastra
- (2) ngajarkeun apresiasi sastra teh kudu bisa mere kasugemaan batin jeung bisa ngahontal kanimatan kana karya seni anu make medium basa
- (3) ngajarkeun apresiasi sastra teh bisa mangrupa diajar ngaekspresikeun sastra, jeung
- (4) ngajarkeun apresiasi sastra teh henteu ngen museur kana pengweruh sastra saperti sajarah jeung teori sastra (tingali GPP Mulok Basa jeumng Sastra Sunda, 1994: 101).

IV. PADIKA PANGAJARAN SASTRA

4.1 Metode jeung Tehnik Pangajaran Sastra

Dina **Kurikulum Mulok Basa jeung Sastra Sunda 1994** di tetelakeun yen unsur-unsur carita anu kudu dirakrak tina karya sastra wangun:

- (1) puisi: tema, rasa, nada, jeung amanat
- (2) prosa: tema, palaku, latar, alur, jeung amanat
- (3) carita drama: tema, penokohan, latar, alur, amanat, dialog, prolog, jeung epilog.

Nilik kana unsur-unsur carita anu kudu diajarkeun saperti anu ditataan di luhur, eces pisan yen metode anu kudu dipake ngarakrak atawa ngabedah (nganalisis) karya sastra teh nya eta

metode **struktural**. Ari pamarekan (pendekatan) anu dipake dina metode struktural teh nya eta **pamarekan objektif**. Dina ieu pamarekan anu perlu disungsi dina teks sastra teh nyaeta ngeunaan tema, galur, palaku, latar carita, jeung amanat.

Saestuna, lian ti pamarekan **objektif** teh aya deui pamarekan sastra lainna, nya eta pamarekan **ekspresif, pragmatik, jeung mimetik** (Abrams dina Teeuw, 1988: 50).

Dina pamarekan ekspresif anu jadi puseur talaah teh nyaeta pangarangna, di antarana bae ngeunaan kasang tukang atikanana, lingkunganana, jeung hal-hal sejenna anu mangaruhan kana hasil ekspresina. Ari anu jadi udagan dina pamarekan **pragmatik** nya eta epek atawa akibat anu karandapan kunu maca atawa kunu ngaregepkeun karya sastra (parapresiator sastra) sabada inyana maca atawa ngaregepkeun karya sastra. Lebah dieu mah nu jadi timbangan teh nya eta pangaruh nu kaalaman ku masarakat pencinta sastra balukar tina maca hasil karya sastra. Sedeng pamarekan mimetik nganggap karya sastra teh mangrupa titiron tina dunya nyata. Lebah dieu nu jadi ukuran teh nya eta soal eunteung (pencerminan) karya sastra patalina jeung dunya nyata tea.

Jadi, pamarekan sastra anu tilu ieu mah (salinan ti pamarekan objektif), nganalisis karya sastra anu patali jeung hal-hal ti saluareun teks karya sastra.

Ari tehnik anu kudu digunakeun geusan nepikeun informasi dina pangajaran sastra ka parasiswa, bisa ngagunakeun tehnik caramah, diskusi, tanya jawab, tugas, jeung lian-lianna ti eta luyu jeung bahan pangajaran, situasi jeung kondisi parasiswa.

4.2 Tahap-tahap Nepikeun Pangajaran Sastra

Aya sawatara hal anu sawadina diestokeun ku paraguru dina nepikeun pangajaran sastra, diantarana bae: (1) murid kudu meunang pangalaman ngaregepkeun hasil karya sastra, (2) murid kudu meunang pangalaman maca karya sastra, jeung (3) murid kudu meunang pangalaman ngaregepkeun hasil karya sastra.

Ari langkah-langkah anu kudu dicumponan geusan ngahontal eta tujuan teh nyaeta parasiswa leuwih ti heula kudu disuguhan warna (genre) karya sastra luyu jeung pamedih GBPP, ulah disuguhan tiori anu medar ngeunaan istilah sastra, pengertian sastra, hakekat jeung fungsi sastra.

Jadi, ibu bapa guru diperedih sangkan ngawanohkeun heula warna karya sastra anu rek diajarkeun ka parasiswa. Saterusna, murid sina meunang pangalaman ngaregepkeun, sina meunang pangalaman **maca**, jeung sina meunang pangalaman ngaekspresikeun karya sastra anu kungsi diregepkeun jeung dibacana tea.

Upamana bae bahan pangajaran anu rek ditepikeun ka murid teh ngeunaan “Dongeng Sasakala”. Langkah-langkah cara nepikeunana :

- (1) Guru maca dongeng (cukup dibaca ti 1 tepi ka 3 paragraf bae)
- (2) Murid-murid sina ngadengekeun dongeng anu dibacakeun ku guru
- (3) Murid-murid sina maca dongeng. Murid nu sejenna sina ngaregepkeun
- (4) Guru nanya ka murid ngeunaan eusi dongeng nu ngawengku unsur-unsur carita:
 - (a) tokoh carita dina dongeng sasakala, (b) galur carita dina dongeng sasakala, (c) latar (tempat, waktu, sosial) carita dongeng sasakala, (d) tema carita dongeng sasakala.
- (5) Murid-murid sina ngalisankeun (nyaritakeun deui) eusi dongeng sasakala.

V. PANUTUP

Saestuna, pedaran saulus anu diobrolkeun dina ieu pasamoan teh ngan saukur salah sahiji alternatif bae, henteu mutlak persis kudu kitu, mungkin bisa barobah atawa beda luyu jeung situasi jeunmg kondisina sewang-sewangan. Kitu deui bahan pangajaran sastra anu kudu ditepikeun ka siswa teu mutlak kudu eta diajarkeunana. Kapan ampir diunggal-unggal tempat oge diurang mah boga carita, boga dongeng. Tah, kawasna bae dongeng-dongeng anu diunggal daerah teh bisa diangkat jadi bahan muatan lokal sastra Sunda. Kitu deui rupaning budaya kaasup kasenian jeung basa di alek teh eta bisa digunakeun pikeun ngeuyeuban pangaweruh siswa dina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Hal eta mah gumantung kana karancagean jeung kaparigelan guru dina milih jeung nangtukeun bahan pangajaran.

Pamungkas nu kapihatur, kirang sareng langkungna mah nyanggakeun ka ibu bapa guru anu bagerak di lapangan, mugi

kersa ngeuyeuban sareng ngamekarkeun bahan pangajaran luyu sareng pamundut GBPP Mulok Basa Jeung Sastra Sunda 1994.

Hayu atuh urang lumaku, ngajugjug ka peuntas ditu, beber layar tarik jangkar, mugi urang ginanjar kawilujengan.

DAFTAR PUSTAKA

- Depdikbud Provinsi Jawa Barat, 1994. *Kurikulum Pendidikan Dasar: Garis-garis Besar Program Pengajaran (GBPP) Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Sunda*. Bandung: Geger Sunten
- Rahmanto, B. 1988. *Metode Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Kanisius
- Reeves, James. 1985. *The Critical Sense: Practical Criticism Of Prose and Poetry*. London: Heiman Educational Books
- Rusyana, Yus. 1974. *Penuntun Pengajaran Sastra di Sekolah Dasar*. Bandung: Pelita Masa
- Sumardi, dkk. 1985. *Pedoman Pengajaran Apresiasi Puisi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Sumarjo, Jakob. 1978. *Elit Sastra: Dalam Budaya Massa*. Bandung: Alpha Beta Offset
- Semi, Atar. 1984. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1989. *Teori Kesusastraan. Diindonesiakan oleh Melani Budianta*. Jakarta: Gramedia

KUMAHA ARI GAYA KRITIKUS DINA KRITIK SASTRA SUNDA?

Dimuatna tulisan nu mangrupa karya sastra di mass media, boh koran boh majalah bakal raket patalina jeung sual ajen sastra. Lebah dieu mah anu pangheulana nangtukeun eta ajen teh Ki Redaktur anu mere timbangan hade gorengna karya sastra bacaeun balarea. Tangtu bae, anu diajen pangheulana teh sual kualitas kasastraanana. Paniten jeung panalek anu dumuk kana tatapakan tiori nu tangtu baris ngagelarkeun karya sastra anu relatif objektif jeung alus deuih. Tolak ukur anu relatif objektif jeung alus teh saestuna mah gumantung kana tatapakan tiori jeung kacapanon nu dipake pakakas nimbangna. Kagiatan kasebut nu geus dilaksanakeun ku Ki redaktur teh mangrupa salah sahiji karancagean gawe kritikus sastra.

Dumuk jeung asakna dina milih tiori pikeun dipake pakakas nimbang/ngajen karya sastra muatkeuneun samemehna baris ngawarnaan ajen hasil karya sastra anu gelar sapandeurieunana, boh ti pangarang nu sarua boh ti pangarang sejenna atawa parapeminat sastra lianna.

Patali jeung eta, tiori kritik sastra nu dipake pikeun ngajen hiji karya sastra, sastra Sunda upamana, baris ngawarnaan kana ajen sastra Sunda nu gelar sapandeurieunana. Hal ieu teh raket pisan patalina jeung pancen kritikus sacara **esensial**.

Ku sabab kitu, “gaya” nu digunakeun ku kritikus dina karya kritikna oge tangtu baris mangaruhan kana ajen kadar sastra. Geuning ku Jakob jeung Saini (1988: 21) oge disebutkeun yen tujuan kritik teh lain ukur pikeun nuduhkeun kapinunjulan, kahengkeran, bener jeung salahna hiji karya sastra tina sawangan nu tangtu, tapi tujuan akhirna teh pikeun ngarojong sastrawan sangkan bisa ngahontal cipta sastra anu punjul sarta ngarojong nu maca pikeun jadi apresiator sastra nu hade.

Nu dimaksud gaya kritikus dina ieu tulisan ngawengku tilu perkara: (1) warna kritik, (2) cara ngiritik, jeung (3) tujuan ngiritik.

Warna kritik ngawengku kritik sastra intrinsik jeung kritik sastra ekstrinsik. Kritik sastra intrinsik nalek karya sastra dumasar kana timbangan wangun jeung gayana. Saterusna, ngarakrak unsur-unsurna, ngajen jeung nyindekkeun kahengkeran jeung kapinunjulanana nu nyampak dina hiji karya sastra. Sedeng

kritik sastra ekstrinsik dipake pikeun nalek patalina karya sastra jeung pangarangna, nu macana atawa masarakatna, nyaeta pasualan-pasualan nu aya di luareun karya sastra.

Padika nu digunakeun ku kritikus teh ngawengku analisis deduksi jeung analisis induksi. Dina analisis deduksi kritikus teh nojer kana hiji papagon tiori sastra nu dilarapkeun kalawan konsekwen. Sakabeh timbangan punjul jeung hengkerna hiji karya sastra teh d ajen dumasar kana ukuran-ukuran papagon tiori nu dipakena tea. Sedeng kritikus anu ngagunakeun analisisna sacara induksi mah dina prakna ngiritik teh teu ngagunakeun palapon tiori alias lesot tina hukum atawa ukuran nu aya. Ku kituna, biasana mah dina mere timbangan hade gorengna, punjul henteuna hiji karya sastra teh dumasar kana kabeuki dirina.

Upama nilik kana tujuanana, kritik sastra teh ngawengku (1) kritik sastra **impresionistik**, nyaeta kritik sastra anu tujuanana mawa kesan-kesan pribadi sacara subjektif, (2) kritik sastra **penghakiman**, nyaeta kritik sastra anu dumasar kana analisis deduksi pikeun nangtukeun hade gorengna hiji karya sastra, jeung (3) kritik sastra **teknis**, nya eta kritik sastra anu tujuanana pikeun nuduhkeun kahengkeran-kahengkeran nu tangtu tina hiji karya sastra supaya pangarangna bisa ngomean kasalahanana di mangsa datang.

Kumaha ari gaya kritikus Sunda dina ngagelarkeun karya kritik sastrana? Pikeun ngajawab ieu kapanasaran teh tangtu bae samemehna kudu wanoh heula kana karya-karya kritik dina sastra Sunda, boh nu mangrupa buku kritik sastra boh nu mangrupa pedaran kritik kana sawatara hasil karya sastra dina buku, koran jeung majalah katut anu nulisna (kritikusna).

Anu rek dijadikeun bahan sungsi dina ieu tulisan nyaeta sawatara buku nu kagolongkeun buku kritik sastra Sunda atawa buku anu eusina di antarana aya pedaran kritik kana hasil karya sastra beunang kritikus Ajip Rosidi jeung Duduh Durahman. Di antarana bae: *Beber Layar!* (1964) jeung *Ngalanglang Kasusastran Sunda* (1965) beunang Ajip Rosidi, *Petingan* (1983) jeung *Catatan Prosa Sunda* (1984) karya Duduh Durahman.

Gambaran ngeunaan gaya kritikus Ajip jeung Duduh dina nepikeun kritikna baris kanyahoan tina ekspresi nu ditembongkeun dina karya kritikna.

Patali jeung eta, dina ieu pedaran baris ditembongkeun heula sawatara cutatan kalimah tina hasil karyana nu dianggap bisa ngembrehkeun gaya kritik sang kritikus. Geura titenan ieu kalimah-kalimah di handap.

1. ***Ngalanglang Kasusastraan Sunda*** (1965) beunang Ajip Rosidi.

- a. “Ciri-ciri nu ku Salmun dianggap ngabedakeun masing-masing jaman tea, rea nu dijieun-jieun teuing. Siga istilah “epis-lyris” nu disebut salah sahiji ciri basa para pangarang “Jaman Sepuh” naon hartina?Lain sabangsa hiris-tiis badis-lantis-melentis mah kitu?”(kaca 26)
- b. “Dina rajah pantun Baduy tea karasa pribadi urang Baduy nu teuneung ludeung teu ngarasa gumantung ka nu lian, ajeg panceg murba wisesa,”(kaca 37)
- c. “Ditinggal saliwat, Si Lengser teh pangbeberah, ngajauhkeun indung tunduh nu ngabadungan. Diteuleuman rada jero, Si Lengser teh sihareng prototip filosof nu geus teu nanaon ku nanaon”(kaca42)
- d. “Saliwatan mah hese kahartina, jalma cara Ratna Suminar anu sakti pilih tanding, digjaya susah lawaanna, bet kalah gumusti sumujud ka Dewi Pramanik anu estuning gambaran jelema biasa pisan: apan ari angkat oge teu tiasaeun ngawang-ngawang badarat bae sahayuna,. Dina hal ieu pangarang siga hayang nembongkeun yen manusa nu pangmulya-mulyana jeung pangluhung-luhungna teh nya nu hirup cara jelema, tara kabitaan tara rempanan, tara keueungan, henteu ngarasa luhur henteu ngarasa handap. Da mun seug ku urang ditilik tina jihat ieu, *Wawacan Purnama Alam* teh kuduna mah dijudulan *Dewi Pramanik*. Terus terang bae, *Purnama Alam* teh ceuk kuring mah lalaki nu teu simpatik.” (kaca 48)

2. ***Beber Layar*** (1964) beunang Ajip Rosidi.

- a. “Kiai teh personifikasi ulama, ari Si Kabayan personifikasi urang Sunda. Demi Islam asupna ka urang, nya sabada Pajajaran runtuh (cenah mah ngahiang), kira-kira dina abad ka genep welas. Moal boa, Si Kabayan oge lahir dina mangsa eta. Atuh dongeng-dongeng Si Kabayan teh, saenyana mah mangrupa sindiran sarta gambaran

kumaha saenyana sikep urang Sunda ka nu marawa agama Islam (lain agamana). Ngan ku lantipna nu nyindir, ku binekasna nu moyok, nepi ka teu karasa. Istuning dianggap dongeng lucu wungkul, malah teu saeutik ulama nu resep kana dongeng Si Kabayan!”(kaca 4)

- b. “ tapi kuring mah henteu nganggap eta dangding-dangding anu jumlahna rea tea minangka hasil sastra anu representatif. Lain ngan kulantaran wangunanana, tapi babakuna mah nya ku lantaran eta dangding rereana taya nu nepi ka ajenan.”(kaca 5)
- c. “Malah mah para redaktur jeung majalah anu sok ngamuat karangan para “sastrawan” jeung “bujangga moyan” oge teu miboga daya saring katut salera nu bisa dipercaya. Sakapeung karasa yen pengertian-pengertian pangelementerna pisan ge teu aya! Redaktur **Warga** upamana.” (kaca 14)
- d. “Dibandingkeun jeung Ambri, memed masih kacida kasengkerna ku pamadegan, yen sastra teh “basa anu endah”. Demi kaendahan basa dina tulisan-tulisan Memed: gramatikal, kawengku ku katangtuan-katangtuan baku, “bersih” nurutkeun juragan guru, karasana baku jeung taya getihan, da teu langsung di timba tina hirup”. (kaca 17)
- e. “Dina ngagambarkeun kaayaan manusa katut hirup kumbuh Sunda dina abad ka-17 ceuk kuring Memed gagal, lantaran gambaran anu dipindahkeunana dina *Mantri Jero* teu leuwih deukeut kana gambaran hirup kumbuh Sunda abad ka-19. Contona nu gampang: basa mariksa perkara Raden Yogaswara nu dituduh ngalambang sari ka selir kameumeut Pangawulaan, Jaksa Nagara macakeun hukum Nagara. Demi hukum anu dibacakeunana tea bet hukum Jawa, sidik katara da basana ge Jawa.” (kaca 17)

Sarengsena nitenan sawatara cutatan kalimah Ajip Rosidi dina *Ngalanglang Kasusastraan Sunda* (1965) jeung *Beber Layar!* (9164), gaya ieu kritikus teh saheulaanan mah bisa dicindekkeun kieu: (1) nilik warna kritikna ngagunakeun kritik sastra intrinsik (tingali cutatan: Ia, Ib, Id, 2b, 2d, 2e) jeung kritik sastra ekstrinsik (tingali cutatan: 1c, 2a, 2c), (2) analisis kerja

kritikna make cara deduksi (tingali cutatan: 1c, 1d, 2d, 2e) jeung induksi (tingali cutatan: 1a, 1b, 2a, 2b, 2c). (3) tujuan kritikna nya eta tujuan kritik impresionistik (tingali cutatan: 1a, 1b, 1c, 1d, 2a), tujuan kritik **penghakiman** (tingali cutatan: 2b, 2d, 2e) jeung tujuan kritik teknis (tingali tautan : 2c).

Kumaha ari gaya kritikus Duduh Durahman dina nepikeun kritikna? Pikeun ngajawab ieu kapanasaran urang titenan bae sawatara cutatan kalimah dina karya kritikna, di antarana bae dina:

1. *Catetan Prosa Sunda (1984)*

- a. “Ari ayeuna jol *Payung Butut*. Teu hese, ujug-ujug koreleng bae ingetan teh ngabalengkot kana *Lain Eta*. Plot, tema, jeung teknik rea nu sarua.”(kaca 10)
- b. “Disawang tina kamekaran hirup kumbuh *Lain Eta* jeung *Payung Butut* sacara sosiologis patukeur. Alam kajadian dina *Payung Butut* asa leuwih payus mun dina jamaan Moh. Ambri. Kitu deui *Lain Eta* saenyana kajadianana teh kudu dina jaman ayeuna.” (kaca 11)

2. *Petingan (1983)*

- a. “Hampura” carita pondokna I. Asikin mangrupa salah sahiji karyana nu kaasup pangkuatna. Boh struktur, boh nyarita, kitu deui watek tokoh-tokohna katut amanat nu diteupikeunana. Mang Alo pribadi nu narik, dina harti anu hirupna tara ngomah-ngamahan batur, sangeunahna rehe, taya sari-sari curaling. Mang Alo, prototip manusa nu teu mustahil urang sorangan.” (kaca 35)
- b. “Sanes sesah milari jalmi nu leres Nu sesah mah bade ngajalankeun bebeneran Supir-supir oge sayaktosna mah sanes teu bade tanggel jawab, namung kumaha atuh da bangsa urang mah nganggapna ka supir nu nabrak teh teu benten sapertos ka bangsat” ieu anu dimaksud lingkaran setan ku Emay, lingkaran nu taya puhu taya congo”. (kaca 57)
- c. “Malah kalimah anu diucapkeun ku supir karasa verbal teuing. Bawirasa, heunteu kudu sina nyarita kitu ge, ku kalimah-kalimah sugestp ti Emay. Samemehna nu maraca tanwande geus bisa nyokot kacindekan, saha saenyana eta

- supir teh. Jadina carita kaleuwihan ku katerangan, aya kaesaan sieun nu maca henteu ngartieun.” (kaca 57-58)
- d. “Dina “Aki Warung” aya kakuatan sejen dina runtuyan kalimah-kalimahna. Kakuatan nu sanggup ngabandang urang sararea pikeun ngarasakeun tragisna hirup Si Aki, bari henteu ngulinkeun emosi nepi ka popohoan kitu teh.” (kaca 66) “.... Lukisan suasana, gambaran watek tokoh-tokohna, malah imeut nepi ka struktur fisikna dina wangun carita pondok nu sarua kasungkeret, geus bisa kasabadana ku Si Aki Warung.” (kaca 67-68)
 - e. “Bawirasa nu pangheulana dikomentaran ngeunaan carita pondok “Sedepmalem ti Parompong” karyana Ami Raaksanagara, nya tina soal ejaan tea. Pangarang nyaho pisan kana aturan-aturan nulis naskah, kitu deui apal pisan kana ejahan basa Sunda anu geus ‘baku’ tapi “Sedepmalem ti Parompong” teh ngandung atikan moral anu lemes, utamana pikeun generasi jaman kiwari, kapan rereana nganggap kawin teh lain saat atawa mangsa anu ‘sakral’ deui.” (kaca 108-109)

Dumasar kana hasil paniten tina sawatara cutatan kalimah Duduh dina *Catetan Prosa Sunda* (1984) jeung *Petingan* (1983), gaya ieu kritikus dina nepikeun kritikna, keur saheulaanan mah bisa dijinekkeun kieu: (1) warna kritik sastra anu digunakeun nya eta kritik sastra intrinsik (tingali cutatan: 1a, 2a, 2b, 2c, 2d, 2e) jeung kritik sastra ekstrinsik (tingali cutatan: 1b), (2) analisis kerja kritikna make cara deduktif (tingali cutatan: 1a, 1b.2b, 2e) jeung induktif (tingali cutatan: 2a, 2b, 2c), jeung (3) tujuan kritikna nya eta tujuan kritik impresionistik (tingali cutatan: 1a, 2a, 2b, 2d, 2e), tujuan kritik teknik (tingali cutatan: 2c) jeung tujuan kritik **penghakiman** (tingali cutatan: 1b).

Tina pedaran di luhur, keur saheulaanan mah gambaran umum ngeunaan gaya kritikus Sunda dina nepikeun kritikna geus bisa kanyahoan, sanajan tangtu bae data anu dipake nyindekkeunana oge lelewodeh pisan, jauh kana ukuran nu representatif tea. Kitu deui, pakakas teori nu pake nyokel konsep logika jeung rasa kritikus nu ngamalir dina karyana can karuhan bener. Ongkoh eta deuih, teori-teori anu jolna ti kulon teh henteu salawasna kalawan gembleng bisa dilarapkeun pikeun ngukuy “nyawa” karya sastra anu tumuwuh di wetan. Ku sabab kitu, teu

mustahil gambaran umum ngeunaan gaya kritikus Sunda nu diasongkeun dina ieu tulisan oge nyalahan atawa bisa jadi patukang tonggong jeung anggapan nu sejen.

Upama rek satuju yen gaya kritikus Sunda (Ajip Rosidi jeung Duduh Durahman) saperti nu diasongkeun di luhur, sakurang-kurangna baris meunang gambaran ngeunaan tanggung jawab *esensial* jeung peran kritikus Sunda dina karya kritikna. Paling copel bisa ngajawab kapanasaran saperti kieu: (1) naha sang kritikus teh geus bisa nyingkabkeun ajen-inajen masarakat Sunda nu nyampak dina karya sastra Sunda, boh anu nembrak boh anu nyamuni (sacara *tersurat* jeung *tersirat*), (2) naha sang kritikus teh bisa ngalajankeun disiplin pribadina pikeun ngajawab karya sastra Sunda nu tangtu, (3) naha sang kritikus teh geus bisa ngajalankeun peranna sabage *pendidik*, *pembina* jeung *pengembang* kajiwaan masarakat Sunda, geus ngajak jeung ngaping nu maca pikeun neuleuman enas-enasna sastra Sunda, jeung (4) naha sang kritikus teh geus ngalaksanakeun pancenna sabage hakim nu wijaksana, nu bisa ngahudang kasadaran jeung ngahurungkeun kahayang, ngabina kaluhungan budi, nyeukeutan uteuk jeung ngalemesan rasa masarakat Sunda nu migandrung sastrana.

Jawaban tina opat panalek bieu teh bisa jadi mangrupa salah sahiji pangrojong keur kamekaran sastra Sunda jeung kamekaran “pamasarakatan” sastra Sunda.

Kritikus sastra dina ngalaksanakeun kritikna sakurang-kurangna ngagunakeun pakakas ngeunaan sastra (*literaryness*), struktur jero (*inner structure*). Anu saterusna baris mere gambaran ngeunaan konsep-konsep estetik jeung konvensi-konvensi sastra nu nyampak dina karya sastra nu diajenna. Di antarana bae ngeunaan wujud gaya carita, struktur carita, gaya basa jeung konvensi-konvensi sastra estetikna baris diangkat ku sang kritikus. Sang kritikus baris mopoyankeun perkara anu teu katiten ku panon lahir jeung panon batin nu maca sastra. Enya nu ku Teeuw (1984) disebut yen dina karya sastra teh aya perkara nu euweuh tapi aya atawa sabalikna tea. Hal eta teh tangtu bae jadi salah sahiji pancen kritikus sastra. Kapan ku Ajip (1964) oge disebutkeun yen sastra teh lain ngan wungkul pikeun sukan-sukan panglipur bari ngabojeg, tapi hiji wangunan paranti manusa nyukcruk sarta ngamanifestasikeun aingna, hirupna katut bebeneran-bebeneranana. Patali jeung eta, kacida pisan perluna

panalek sacara tinulis kana karya sastra teh, bisi disebut “siga daun anu hejo ngemploh jadi diranca tea”. Malahan ku yakinna ngeunaan enas-enasna sastra sabage manifestasi aingna manusa nu ngajamananana jeung perluna ku kritik sastra, James Reeves (1985) mah nganggap yen sastra teh geus mere pituduh ka manusa pikeun mikawanoh perkara sastra.

Dumasar kana anggapan kasebut, tetela yen karya sastra, kritik sastra jeung kritikus sastra teh miboga panca kaki anu deuheus.

Muga-muga bae engke mah aya tilisan nu medar ngeunaan “Kalungguhan Kritikus Sastra dina Karya Sastra Sunda.” Cag, teundeun di handeuleum sieum, tunda di hanjuang siang, teundeun sampeureun, tunda batan alaeun di mangsa datang!